


Ochan endependans

Nicole DÉJEAN



Rose-Marie DESRUSSEAU, *Pères de la patrie*

1

Lè zansèt nou te kase chenn lesklavaj
Se pa t janm pou rete 2 bra kwaze
Men pou esklav yo te vin sèl mèt tè a
Yo te vanse al kontre ak lanmò
San yo koule pou ka wouze mòn yo
Se tou pa nou, milat ak nwa leve !
Se pou n travay tè Desalin ban nou an
Richès peyi a, se la menm li ye

Refren

Endependans pap kanpe sou anyen
Si tout moun pa egal ego
Pou n ka taye banda sou tè nou sa a
Yon sèl modòd ki dwe gide n tout tan
Bondye ! Travay ! ak Libète ! (bis)

2

Sa te bèl nèt lè pitit tè Lafrik sa yo
Ki t ap soufri depi pase3 syèk
Rale chenn yo, kwòk ak baton maspinay,
Pou yo sèvi kont tout fòs krazezo !
Gade kouman lè n misè n en yo toupatou
Men yo pa pè al kare ak lan mò
Sou zòd Lamatin yè nan tèt yo ya p fonse,
Yon lame djanm desann Krètapyewo

Refren

Men tout batay sa yo pa ta vle di anyen
Si tout moun pa egal ego
Pou n ka taye banda sou tè sila a
Yon sèl modòd ki dwe gide nou tout tan:
Bondye ! Travay ! ak Libète ! (bis)

3

Twoup Rochanbo yo ki te kwè yo pi fò
 Te oblige kanpe yon ti moman
 Pou di ochan pou nèg vanyan Vètyè sa a
 Kapwa la Mò te pi gran pase wa
 Pou n avance an nou rele menm jan avèl :
 Ann avan nèg yo, nèg yo an nou vanse !
 An nou travay tè sa ak wouze ak syè nou
 Sa nap chache a, men l anba pye nou !

Pou n ka taye banda sou tè sila a

Yon sèl modòd ki dwe gide nou tout tan :
 Bondye ! Travay ! ak Libète ! (bis)

5

Twou se ponyèt nou, pitit tè Lafrik yo,
 Milat ou nwa nou sot nan menm toyo,
 Tout nasyon yo, kit Lewop kit Lamerik
 Ap gade nou pou wè si n ka kenbe
 Se fòs ponyèt zansèt nou ki ban nou tè sa,
 Li rele nou pa n depi 1804
 Se tou pa nou, pou travay, goumen pou li
 Etan nap rele pwogrè ou lanmò !

Refren

Si se pa sa, nou pa kanpe sou anyen
 Nan pwen lòd, ni egalite
 Pou n ka taye banda sou tè n sila
 Yon sèl modòd ki dwe gide nou tout tan :
 Bondye ! Travay ! ak Libète ! (bis)

Refren

Toutgwo jefò sa yo, pa p vo anyen
 Si n pa travay pou n egal ego
 Pou n ka taye banda sou tè sila a
 Yon sèl modòd ki dwe gide nou tout tan :
 Bondye ! Travak ! ak Libète !

4

Ayibobo pou tout **zansèt mati nou** yo
 Ki bay san yo pou lesklavaj kaba
 Chavàn, Oje, sanginè yo sasinен
 Ou menm Tousen, nan twou kacho Fòdjou
 Nou menm gid nou ki te montre nou chimen an
 Kote n ye a, ala nou dwe kontan
 Lè nou gade nou wè pèp la mèt tèt li
 N ape mande n tranpri pa lage nou !

Refren

Kè kontan nou an se pou yon ti bout tan
 Si n pa travay pou n egal ego !

Poèm Nasyonal : Oswald DURAND

Mizik : Occide JEANTY

Tradiksyon kreyòl : Nicole DEJEAN